



Aplikasyon pou Pwogram èd Lifeline nan

Non ki sou bòdwo a: _____

Adrès kote w resevwa sèvis la: _____

Vil: _____ Eta _____ Zipkòd _____

Eske adres ou bay se yon adrès ki pèmanan ou se pou yon ti tan? _____ Wi _____ Non

Dènye 4 chif nan nimewo sosyal ou _____ Dat ou fèt _____

Adrès kote w resevwa bil ou (si li pa menm ak adrès kote w resevwa sèvis telefòn nan):

Nimewo telefòn ou () _____ (**Avi: Si ou pa gen sèvis telefòn kounye a, rele yon konpayi nan zòn kote ou ye a pou w ka pran sèvis nan men yo.**)

Pwogram Lifeline nan se yon èd federal. Si yon moun konnen byen li bay fo ransèyman pou l kab jwenn avantaj la, sa kab lakòz yo fè l peye amann, yo voye l nan prizon, oswa yo wete l nan pwogram nan oubyen yo fè l pa janm kab antre nan pwogram nan ankò.

Se yon sèl sèvis Lifeline yo bay nan chak kay. Pou pwogram Lifeline nan, yon kay se kote yon moun oswa yon gwoup moun abite ansanm nan menm adrès kote yo pataje lajan yo fè ak depans yo fè.

Yon kay pa gen dwa jwenn èd Lifeline nan men plizyè konpayi telefòn. ...telefòn, menm si se ak yon konpayi ki ofri sèvis pou telefòn pòtab ak yon lot ki ofri sèvis pou telefòn ak fil.

Lè yon moun vyolye règleman ki fè konnen se yon sèl sèvis Lifeline ki dwe genyen nan yon kay la, sa ap fè yo wete moun nan nan pwogram nan.

Sèvis pwogram Lifeline nan se pa yon sèvis yon moun kab transfere bay yon lòt epi moun ki nan pwogram nan pa dwe transfere sèvis yo a bay okenn lòt moun.

Mwen sètifye mwen patisipe nan pwogram èd leta sa a (yo): (**tcheke tou sa ou ladan yo**)

- Pwogram èd nan afè manje (SNAP)/ Foudstèp
- Mediked
- Lajan sosyal anplis (SSI)
- Pwogram federal ki ede moun peye lwaye (Section 8)
- Pwogram Pansyon pou Veteran ak Sivivan
- Pwogram Biwo afè Endyen Ameriken (Èd tanporè nan Tribi pou fanmi ki nan bezwen, sibvansyon pou pwogram Head Start NSLP)

(VIRE PAJ LA)

Pou kalifikasyon nan pwogram Lifeline, fok ou reponn kek kestyon pou nou ka detèmine konbyen fanmi kap viv nan menm kay la. Nan pwogram Lifeline, yon fanmi se youn ou yon gwoup moun kap viv ansanm nan menm adrès e kap separe kob yo resevwa ak depans yo. Men kek ekzanp: yon moun kap viv nan yon apatman nan yon building se yon fanmi. Yon lot ekzanp se yon moun ki granmoun kap viv nan yon “nursing home.”

1. Eske gen yon lot granmoun (yon moun ki gen 18 an ou plus) kap viv ave'w ki genyen yon sèvis Lifeline? Moun nan ka mari'w, madanm ou, yon paran, timoun ou, yon moun nan fanmi'w, ou byen yon moun ki abite kay la ave'w.

___ Non. Sa vle di ou kalifye pou sèvis Lifeline paske pa gen lot moun nan kay ou ki resevwa sèvis Lifeline. Tanpri siyen anba papye a pou'w ka sètifye repons ou.

___ Wi. Repon kestyon 2 tanpri.

1. Eske ou pataje depans pou kay la ou pou manje ak kob ou resevwa (tankou monen ou resevwa nan travay ou kob ou resevwa nan men gouvènman) ak moun kap viv nan kay la ave'w ki resevwa sèvis Lifeline?

___ Non. Sa vle di ou kalifye pou sèvis Lifeline paske pa gen lot moun nan kay ou ki resevwa sèvis Lifeline. Tanpri siyen anba papye a pou'w ka sètifye repons ou.

___ Wi. Sa vle di ou pa kalifye pou sèvis Lifeline paske gen lot moun nan kay ou ki resevwa sèvis Lifeline. Pa siyen papye a.

Ekri inisyal ou bò kote chak bwat pou sètifye ke:

___ M ap avèti konpayi ki ban m sèvis Lifeline nan anvan 30 jou pase si m pap patisipe nan yon pwogram èd DCF ankò, si m resevwa plis pase yon sèvis Lifetime, oubyen si gen yon lòt moun lakay mwen ki ap resevwa sèvis Lifetime;

___ Si m chanje adrès, m ap bay konpayi ki ban sèvis telefòn Lifetime nan nouvo adrès mwen anvan 30 jou pase;

___ Kay kote m rete a ap pran yon sèl sèvis Lifeline epi, dapre sa m konnen, kay mwen poko resevwa sèvis Lifeline nan;

___ Dapre sa m konnen tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a se enfòmasyon ki vre, enfòmasyon ki kòrèk;

___ Mwen konnen si m ta bay move enfòmasyon oubyen fo enfòmasyon pou m kab jwenn èd Lifeline nan, lajistis gen dwa pini m pou sa; epi

___ Mwen konnen konpayi telefòn ki ban m sèvis Lifeline nan gen dwa mande m pwouve mwen kalifye pou pwogram nan nenpòt lè, si m ta refize fè demach pou montre mwen kalifye sa ap fè yo koupe sèvis la epi sa ap fè yo wete m nan pwogram Lifeline nan.

___ **Mwen bay otorite ki gen bon jan otorizasyon k ap dirije pwogram pi wo la yo pèmision pou yo fè konpayi telefòn nan zòn nan konnen sitiyasyon patisipasyon mwen nan nenpòt pwogram pi wo la yo. Mwen bay pèmision sa a ak kondisyon enfòmasyon ki nan fòmilè sa a ansanm ak tout enfòmasyon dirijan yo bay sou patisipasyon mwen nan pwogram pi wo la yo se enfòmasyon konpayi an pral kenbe sekre kòm enfòmasyon ki nan dosye kliyan.**

Kliyan an siyen

Dat

Tanpri voye aplikasyon sa a ansanm ak dokiman ki montre w ap resevwa èd nan yon pwogram bay konpayi telefòn ki ba w sèvis la. Ou kab voye yo pa faks oubyen pa lapòs. Men ki dokiman yo asepte kòm dokiman ki montre ou kalifye pou pwogram nan: (1) rapò ki montre avantaj ou te resevwa ane sa a oubyen ane pase nan yon pwogram Eta a, yon pwogram federal oubyen yon pwogram Tribi ki kalifye pou sa; (2) yon lèt ki montre ou patisipe nan yon pwogram Eta a, yon pwogram federal oubyen yon pwogram Tribi ki kalifye pou sa; (3) dokiman ki montre ou pran pa nan pwogram nan (*paregzanp* si ou gen kat foudstèp lan sa yo rele kat SNAP la si ou gen kat ki montre yo ba w lajan pou ede ou oswa kat Mediked ou (oswa yon kopi kat sa yo); oubyen (4) yon lòt dokiman ofisyèl ki montre ou nan yon pwogram Eta a, yon pwogram federal oubyen yon pwogram Tribi ki kalifye pou sa.

<p>Access Wireless One Levee Way, Ste. 3104 Newport, KY 41071 Telephone: 513-550-2755 Faks: 888-594-4473</p>	<p>AT&T Florida Lifeline PO Box 4600 Waterloo, IA 50704 Telephone: (855)301-0355 Faks: (800)295-7495</p>	<p>CenturyLink CenturyLink Data Services 555 Lake Border Drive Apopka, FL 32703 Faks: (866)810-7530 Telephone: (855)954-6546</p>	<p>Cox Communications Attn: Lifeline Services PO Box 620 Charleston, IL 61920-9905 Faks: (855)981-5433</p>
<p>FairPoint Communications Offline Services Group 30 East Main Street Westfield, NY 14787 Faks: (877) 321-3166 Telephone: (800) 400-5568</p>	<p>Frontier Lifeline 1398 South Woodland Blvd. Suite A Deland, FL 32720 Faks: (844)452-6399</p>	<p>Global Connection Inc. of America P.O. Box 48269 Atlanta, GA 30362 Faks: 1-888-878-9323 Telephone: (877)511-3009 www.realhomephone.com</p>	<p>ITS Telecommunications Attn: Customer Service P. O. Box 277 Indiantown, FL 34956 Faks: (772) 597-4155 Telephone: (772) 597-2111</p>
<p>(Bay County Address) WOW! Internet, Cable & Phone 235 W. 15th Street Panama City, FL 32401 Faks: (850) 215-5800 Telephone: (850) 215-2161</p>	<p>(Pinellas County Address) WOW! Internet, Cable & Phone 3001 Gandy Boulevard North Pinellas Park, FL 33782 Faks: (727) 576-4800 Telephone: (727) 239-0234</p>	<p>NEFCOM P. O. Box 485 Macclenny, FL 32063 Faks: (904) 259-1200 Telephone: (904) 259-2261 or (877)838-5695</p>	<p>Phone Club Corporation Ms. Priscila Wolff, President P.O. Box 908 Flagler Beach, FL 32136-0908 Phone: (786) 777-0079 www.phoneclub.us</p>
<p>SafeLink Wireless/TracFone Lifeline/Free Cell Phone Dept. P. O. Box 220009 Milwaukie, OR 97269-0009 Telephone: (800) 977-3768 Faks: (800) 834-7713</p>	<p>Smart City Telecom Attn: Customer Care P. O. Box 22555 Lake Buena Vista, FL 32830 Faks: (407) 828-6701 Telephone: (407) 828-6700</p>	<p>TDS Telecom - Lifeline P. O. Box 608 Lancaster, WI 53813 Telephone: (888) 225-5837 Faks: (877) 271-2861</p>	<p>Tele Circuit Network Tele Circuit Network Corp. 1815 Satellite Blvd Suite 504 Duluth, GA 30097 Telephone: (877) 835-3247 Faks: (877) 835-3788</p>
<p>T-Mobile Lifeline Support PO Box 37380 Albuquerque, NM 87176-7380 Telephone: (800) 937-8997 Faks: (813) 348-5724</p>	<p>Virgin Mobile d/b/a Assurance Wireless P.O. Box 686 Parsippany, NJ 07054 Telephone: (888) 898-4888 Faks: (877) 732-3018</p>	<p>Windstream Florida 1720 Galleria Blvd. Charlotte, NC 28270 Telephone: (800)347-1991 Faks: (704) 849-7000</p>	